

Chè Paran/Responsab Legal Marie,

Nou kontan ba ou rapò sa a sou rannman Marie nan Egzamen Akonplisman nan Anglè kòm Dezyèm Lang nan Eta New York (New York State English as a Second Language Achievement Test, NYSESLAT) nou te bay nan prentan 2019 pou tout Elèv k ap Aprann Lang Anglè (English Language Learner, ELL)/Elèv k ap Aprann Plizyè Lang (Multilingual Learner, MLL). Rezilta egzamen sa a bay yon fason pou konprann devlopman elèv la nan Lang Anglè. Men, nòt sa yo pa endike tout sa Marie konnen ak sa li kapab fè.

Pou plis enfòmasyon konsènan egzamen sa a, nòm Eta New York yo, ak fason ou kapab ede Marie, ale nan:
<http://www.nysesd.gov/bilingual-ed/parents/english-language-learnermultilingual-learner-parent-resources>

NIVO KONPETANS MARIE NAN LANG ANGLÈ AP DEVLOPE
NIVO KONPETANS MARIE NAN LANG ANGLÈ ANE PASE TE NAN TRANZISYON

**TOTAL ECHÈL
REZILTA MARIE**

X

PÈSANTIL

DISTRI
X%

Marie te fè menm
nòt oswa te pi bon
pase X% nan elèv
distri sa a ki te
pran egzamen an.

ETA
X%

Marie te fè
menm nòt oswa
te pi bon pase
X% nan elèv
Eta a ki te pran
egzamen an.

TOTAL
ECHÈL
REZILTA
MARIE:
X

NIVO AVANSE

Te reponn a nòm Eta a pou demontre konpetans, epi kounye a li se yon Ansyen ELL/MLL ki gen dwa pou resevwa de ane sèvis ELL/MLL.

NIVO DEVELOPMAN

Antanke ELL/MLL li montre anpil endepandans pou amelyore konpetans li nan langaj akademik.

NIVO TRANZISYON

Antanke ELL/MLL li montre enpe endepandans pou amelyore konpetans li nan langaj akademik.

NIVO EMÈJAN

Antanke ELL/MLL li montre li depann enpe sou sipò ak estrikti pou amelyore konpetans li nan langaj akademik.

NIVO ANTRE

Antanke ELL/MLL li depann anpil sou sipò ak estrikti pou amelyore konpetans li nan langaj akademik.

MATYÈ/MODALITE KONPETANS NAN LANG ANGLÈ

TANDE

Elèv yo tande pou yo detèmine enfòmasyon yo ak pou devlope lide nan diskisyon akademik ki nan nivo klas yo.

**ECHÈL REZILTA
MARIE**

X

PALE

Elèv yo itilize langaj ki apwopriye pou klas yo pou yo patisipe nan diskisyon sou tèks ak sijè akademik yo.

**ECHÈL REZILTA
MARIE**

X

LEKTI

Elèv yo li tèks akademik nan nivo klas yo pou yo detèmine enfòmasyon yo epi devlope lide.

**ECHÈL REZILTA
MARIE**

X

EKRITI

Elèv yo itilize langaj ki apwopriye pou klas yo pou yo òganize panse ak lide nan redaksyon sou tèks ak sijè literè epi ki bay enfòmasyon.

**ECHÈL REZILTA
MARIE**

X

Nivo echèl nòt sa yo varye ant 30 ak 90

Tanpri konnen elèv ki gen yon Plan Edikasyon Endividyalize (Individualized Education Program, IEP) oswa Plan Aranjman Seksyon 504 (Plan 504) ki endike yo dwe li tès awotwa pou yo dwe resevwa aranjman pou tès sa a pou tout sou-sijè yo, ankontan Lekti, dapsy presizyon ki nan Plan IEP/504 la.



POU KORE SIKSÈ MARIE

Kontakte pwofesè Marie epi mande nan ki konpetans Marie gen plis difikilte.

Mande lekòl ou kijan ou pral resevwa rapò regilyèman sou pwogrè Marie.

Si sa nesesè, mande sèvis sipò pou elèv tankou konsèy oswa gid nan lekòl pou pale sou fason pou ede Marie gen plis siksè.

Egzamine devwa nan klas ak devwadmezon yo ak Marie pou wè kijan konpetans Marie ap pwogrese.

Elèv ki fè nòt nan nivo Antre, Emèjan, Tranzisyon, ak Devlopman ap kontinye resevwa sèvis ELL/MLL nan ane lekòl 2019-2020 la. Pou pale pou sèvis ELL/MLL yo kontinye pou Marie, tanpri kontakte administrasyon lekòl Marie a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ELL/MLL Marie ta dwe resevwa, ale nan <http://www.nysesd.gov/bilingual-ed/guide-parents-english-language-learnersmultilingual-learners-new-york-state>.

LÒT RESOUS

Gid pou Paran yo pou Egzamen Akonplisman nan Anglè kòm Dezyèm Lang nan Eta New York (NYSESLAT) ak Tès Idantifikasiyon Eta New York pou ELL/MLL (New York State Identification Test for ELLs/MLLs, NYSITELL)

Tiliv sa yo ap ba ou enfòmasyon enpòtan sou NYSITELL ak NYSESLAT. Yo eksplike pou ki rezon ak kijan yo bay tès yo epi kisa diferan nivo konpetans yo vle di.

Pou enfòmasyon sou NYSITELL ak NYSESLAT: <http://www.nysesd.gov/bilingual-ed/parents/nysitell-and-nyseslat-parent-guides>

Deklarasyon Dwa Paran Elèv k ap aprann Lang Angle

Pou asire yo byen sèvi ELL/MLL yo, li enpòtan anpil pou gen yon kominate kote paran, responsab legal ak lòt moun ki gen wòl paran yo gen enfòmasyon ak kapasite. Deklarasyon Dwa Paran yo bay rezime dwa esansyèl konsènan aksè nan edikasyon ak pwogram pou ELL/MLL yo ak paran yo. Dwa enpòtan sa yo rezime sou yon fòm yon paj ki fasil pou sèvi kòm referans epi yo tradui nan dis lang. Deklarasyon Dwa Paran yo gen ladan tou enfòmasyon sou fason ou kapab kontakte liy dirèk Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (Office of Bilingual Education and World Languages, OBEWL) pou paran si ou gen kesyon oswa enkyetid.

<http://www.nysesd.gov/bilingual-ed/parents/parents-bill-rights-new-york-states-english-language-learnersmultilingual>

Liy dirèk pou Paran Elèv k ap Aprann Lang Anglè (1-800-469-8224)

Resous sa a, ke Rezo Resous Rejyonal Edikasyon Bileng Eta New York dirije, sèvi kòm yon fason pou paran ELL/MLL yo ak moun ki gen wòl paran yo mande enfòmasyon sou dwa yo genyen ak sèvis yo founi pou timoun yo dapre règleman Eta a. Grasa yon sitwèb ak liy telefòn ki la pou sa presizeman, ou ka mande ransèyman epi jwenn repons nan dis lang ELL/MLL yo pale plis nan Eta New York.

Tanpri ale nan: <http://steinhardt.nyu.edu/metrocenter/ellparenthotline>

TRADIKSyon



www.engageny.org/translate

Gen vèsyon rapò sa a ki tradui, ak lòt enfòmasyon ki disponib nan lang:

ARAB, BENGALI, CHINWA, FRANSE, KREYÒL AYISYEN, JAPONÈ, KAREN, KOREYEN, NEPALI, RIS, SOMALI, PANYÒL, AK URDU